КЕҢЕСБАЙ
АЙМАНОВ

# ДАНА БАЛА ТУЎРАЛЫ ЕРТЕК

«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН» БАСПАСЫ
1981

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеңесбай Айманов күнделикли баспа сөзде көптен бери аты бар жас шайырлардың бири. Оның мектеп сахнасына арналған сахналық қысқа шығармалары, балаларға бағышланған қосықлары жийи-жийи „Жеткиншек" газетасында көринип турады.

"Дана бала ҳаққында ертек"—автордың тұңғыш топламы. Ертекте жас баланың журтты қайыл қалдырған даналығы, тапқырлығы сөз етилсе, басқа қосықларында бахытлы балалық, мектеп турмысы, Ўатанға муҳаббат жырланады.


$$А \frac{70803-94}{М-357(04)-81} -4702250000$$


©„Қарақалпақстан" баспасы, 1981

www.ziyouz.com kutubxonasi

# Шырпы — телефон

Ушыраттым бир күни,
(Айтсам жүдә қүлкили)
Сөйлесип отыр көп бала,
Телефон етип шырпыны.

„Дана екен“ ойлаған,
Сым-сабақты байлаған,
„Жер“, „Күн“, бирин „Юпитер“,
Биреўин „Марс“сайлаган.

—Алло, алло,„Юпитер“,
Сөйлеп турған мен ғой „Жер“,
Қатнасықта болсақ биз,
Ўақыт кеўилли өтер!.

—Алло, алло, бул „Күн бе?“,
Сөйлесиўге мүмкин бе?!—
—Деди бири, —күтер, „Жер“,
Қонаққа кел, ертеңге!,

—Алло, ким бул,Марс па?
Аралық қалай алыс па?!
—Келсең күтип аламыз,
Корабльде жол қысқа!

... Көшемиздиң баллары,
Шийрин қыял-ойлары,
Сөзсиз ғой дослар,қыялдың,
Ертең шынлық болары.



www.ziyouz.com kutubxonasi





www.ziyouz.com kutubxonasi

## Жайлаўда

Жазда бардым жайлаўға,
Жайлаў сулыў жер екен,
Шопан дайым ол манда,
Қойын бағып жүр екен.

Ҳәмме жақ жасыл,көк-көмбек,
Көп екен, ҳәм де булақлар,
Секирип ойнап қуўысқан,
Қошантай менен ылақлар.

Жайлаў кеши дым қызық,
Өристен қойлар қайтқанда,
Таў артына бой созып,
Қызарып қуяш батқанда.

Шаўкымлы өмири жайлаўдың,
Ҳәм көркем ҳәм кеўилли,
... Дем алыс питти, мен қайттым,
Еске алып тағы келиўди.

## Тай-тай бөке

Тай-тай бөке, тай бөке,
Дым еркесең ҳәм бөке,
Тентиреклеп жығылма,
Қулашыңды жай бөке!

Тай-тай бөке, тай бөке,
Қылығы қызық, ай бөке,
Балалықтан алып қал,
Өзиңе сен „пай“ бөке.

Тай-тай бөке, тай бөке.
Сөзиңе иси „сай“ бөке,
Мине, демде ғаз турдың·
Сендей шаққан қай бөке!



www.ziyouz.com kutubxonasi



# Жаз келгенде

Жаз келгенде жадырап,
Қулпы дөнер әтирап,
Жаз көркине тоймаймыз,
Шыныгамыз, ойнаймыз.

Биз бахтыяр баламыз,
Лагерьлерде боламыз,
Каналларда шомылып,
Суўға қармақ саламыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi



Костёр, костёр жарқырар,
Жоллар, жоллар шақырар!
Шығамыз узақ сапарға,
Биз көрмеген жерлер бар.

Жайлаўларға барамыз,
Онда шопан атамыз,
Үйретеди өнерди,
Бузаў, қозы бағамыз.

Боламыз дәрья бойында,
Үлкениң ой-қырында,
Биздей болып шадланып,
Кимлер жүрген бурында?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шадланып дем аламыз,
Альпинистлер боламыз,
Берген шадлы дәўранды,
Дана Ленин бабамыз.

## „Кишкенелер иси“ деп

Бәҳәрим келди, бәҳәрим,
Жойып қыстың қәҳәрин,
Келиң дослар, қыздырың,
Нәлше егиў мәҳәлин.

Аўыл—қала арасын,
Гүлге бөлеў талабым,
— Кишкенелер иси—деп,
Қуўанып журт қарасын!

## Қызғанып жүрип пе?

Ҳәзирше жетпейди,
Педальға аяғым,
Сонда да келеди,
Машина айдағым.

Кишкене қусайман,
Ағамның ойынша,
Ең үлкен баламан,
Класым бойынша.

Я, ағам, машинасын,
Қызғанып жүрип пе?
Бир күни минермен,
Өзимде “жүйрикке„



www.ziyouz.com kutubxonasi

## „Бармайман“—деп,—ол жаққа...

Рульди услап қомпаңлап,
Миңгенин өзи унатты,
Тан шебердей томпаңлап,
Велосипедин зырлатты.

Күш бермей велосипеди,
Зыңғыды ойға бир ўақта,
Ал Муратым, жылайды,
„Бармайман,—деп,—ол жаққа“.



## Хош келдиң, бәҳәр

Қуяш төксе әтирапқа нурлар,
Бизди күтер қызық ойынлар,
Шығамыз майданға йошып,
Ойнаймыз, айтамыз қосық,
Хош келдиң бәҳәр!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қулпы дөнип, жапырақлап таллар,
Салмаларда сылдырар суўлар,
Нәўбәҳәрдиң тәшўиши есте,
Кирисемиз қызғынлы иске,
Хош келдиң бәҳәр!

Бүлбил нама салса бағларда,
Ырғалады гүллер сайларда,
Қандай жақсы бағларды гезген,
Жанға рәҳәт жайларды гезген.
Хош келдиң бәҳәр!

## „Бәрҳама таярмыз“

Барабан қағылып,
Жаңласа горн,
Турғандай шақырып,
“Сборға келиң!„

Тура баслаймыз,
Дизилип сапқа,
Айтар ураныз,
“Таярмыз бәрҳа!„

Ленин исине,
Таяр әўладбыз,
Келешек өмирге,
Гүлмиз, саўлатбыз!

## „Шебер қоллар“

Мектепте „шебер қоллар“ бар,
Менде оған ағзаман.
Көргизбемизди, жан дослар,
Тамашалаң бир заман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Онда бизлер тоқыған,
Кестелер көз тартады,
Сүўретлер көп қарасаң,
Ықласың шын артады.

Қайта-қайта келеди,
Бир мәртебе келгенлер,
„Шебер қоллар“ исине,
Сүйсинеди көргенлер.

## Назар

Бизиң класстағы Назар,
Көп партаға берди ҳазар,
Ойып ҳәр нәрсени жазды,
Шаққы менен талай сапар.

„Қой!“—десек қулақ аспады,
Қайта күлип ҳалласлады,
Досларына қырын қарап,
Түрли қылўасын баслады.

Муғаллимге айтып бердик,
Жыйналыста тәртип бердик,
... Соннан берли биз Назардың,
Жаман әдетин көрмедик.

## Гейбиреў...

Сабақтан қашады,
Қолайлап тасаны,
Көшеде уялмай,
Журтқа қар шашады,
Нәсият: балалар,
Усындай болмаңлар!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Усындым

Сорамас деп муғаллим,
Барып едим сабаққа,
... Орнымнан зорға түргелдим,
Түсип тағы сынаққа.

Кешеги „бес" ке исенип,
Келгениме қысындым,
Устазыма иләжсыз,
Күнделикти усындым...

## Қыңырлық

Қыңырлық етти баласы,
Үзиўге көк қаўынды,
Айтты оған ағасы,
— „Қойшы жөнсиз даўыңды!"

Қылмады ол биракта,
Енди жылай баслады,
Тәўеллеге ол соңша,
Ҳасла қулақ аспады.

Ақыр соңы ағасы,
Әперди үзип жамбылша,
— Жылама улым, мә алшы,
Таўысып же тойғанша!

Баласы жей алмады,
Жамбылшаны писпеген,
Бул сапар ол уялды,
Деп айтыўға; „ашшы екен!"



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Мен бир сөзли боламан

Мен бир сөзли баламан,
Мен бир сөзли боламан,
Өтирик айтсам набада,
Мени дос деп санамаң!

Мен бир сөзли боламан,
(Мақтаншақ деп ойламаң.)
„Туўры бол“ деп үйреткен,
Устаз тилин аламан!

## Апама кесент қылмайман

Апам кетсе жумысқа,
Жыламайман, ойнайман,
Болсам да киши, бирақта,
Көп нәрсени ойлайман.

Иси көп ғой апамның,
Үйде де тыным таппайды,
Ҳайрансаң, ол сонда да,
Шаршадым деп айтпайды.

Жумысын, мейли питкерсин,
Етпеймен кесент мен оған,
„Ақыллы бол улым,“—деп
Айтар бәрҳа ол маған.

## Аяз бенен Нияз

Баратырып мектепке,
Ушырасты Аязға,
—Қайт бала тез үйиңе,—
Деди Аяз Ниязға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Жоқ—деди, ол қасарып,—
Аяз, сеннен қорықпайман,
Күн суўық деп, тайсалып,
Жары жолдан қайтпайман!

Аяз сонда, мырс етти,
„Батыр бала,“—екен деп,
Нияз болса, мектепке,
Таслады қәдем күлимлеп...

## Аңғалақ

Аңғалақ-аў, аңғалақ,
Жүресең көп қаңғалап,
Таяқ тийсе кетесең,
Алысларға думалап.

Аңғалақ-аў, аңғалақ,
Унатпадым мен бирақ,
Жүргим келмес, себеби,
Сендей мәзи қаңғалап...

## Ол ким?

Оқыўынан көп қалады,
Сабағынан „еки“ алады,
Доска алдында албырайды,
Еки көзи жаўдырайды,
Араңызда болса бәлким,

Ол ким?

Дәптериниң қабы жыртық,
Китап берсең қояр жойтып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кийим кийсе шаңға батар,
Ойын десе „басын сатар“,
Араңызда болса бәлким,

Ол ким?

Үйинде де шатақ өзи,
Пәтиўасыз айтқан сөзи,
Күтип жүрмиз ойланар деп,
Жаман әдетин қояр деп,
Араңызда болса бәлким,

Ол ким?

## Сазенде.

Ҳәўескерлер кружогинде,
Талантлы оқыўшылар көп,
Ат қойыпты, Нәжимге,
Журт музыкант бала, деп.

Гармошка ма, дуўтар ма,
Ҳәммесинде шертеди.
Сыйқыр бар ма, сазында,
Қыялыңды ертеди.

Концерт болса мектепте,
Қатнасады қалмастан,
Саз шертиўди өзинше,
Үйренипти ол жастан.



www.ziyouz.com kutubxonasi



Қәне менде, класста,
Атансам жас сазенде,
Нәжимдей шебер болмаққа,
Шын қумарлық бар менде!

## Вожатый

Көремиз оны ҳәрқашан,
Балалардың ишинде,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көремиз оны биз мудам,
Киши пейил пишинде.

...Жаман болса гейбир ис,
Қыйланады,төзбейди,
Болмасын, деп ҳеш кемис
Көптиң мәпин гөзлейди.

Мине қандай көриңлер,
Әзиз вожатыйымыз,
Ол кеңес ақыл берер,
Ҳүрметлеймиз оны биз!

## Палўан екен

„Ҳай-пайына“ қаратпай,
Көкмардағы ылақтай.
Жықты демде, Қанатты,
Палўан екен Муратбай.

Қанат күшли деп турсақ,
Екен мәзи мақтаншақ.
Муратбайдай болар ек,
Шынығыўға қатнассақ...

## „Дослық мүйешинде“

Көрмек болсақ дос дийдарын,
Таяр түрли альбомлар,
Рус, өзбек, украин,
Мынаў вьетнамлы баллар.

Китап, хат ҳәм газеталар,
Мине олар жоллаған,
Дослығымыз өсип барар,
Планета бойлаған!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәдирлеўди шын дослықты,
Ленин бабам үйреткен,
Сүйемиз парахатшылықты,
Өмиримизди гүлленткен!

## Инимнин саўғалары

-Бул байрамға арналған,
Саўғаң нешеў иним?-деп
Сорап едим, ол маған,
Жуўап берди, күлимлеп.

—Биринши, алған „бес“ лерим,
Турыпты күнделигимде,
Жыйдым металл сынығын,
Үлес қой булда өмирге!

—Үшинши, еккен терегим,
Айланар еле нәрўанға,
Ендиги жылы өтемен,
Аралап бағды, байрамға!

## Партаның өкпеси

—Айтар сөзим, сырым,
Сулыў едим бурын,
Қашырдым сыйқымды,
Сен қарап қырын.

Партамның сөзинен,
Қапалы жүзинен,
Уялдым соныңдай,
Айып тек, өзимнен!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Кимдики орынсыз?

Шақырса келмедим,
Бараман демедим,
Жылытпа аўқатты,
Өкпелеп жемедим.
Туўрысын айтың сиз,
Кимдики орынсыз?!

Күн узақ ойнадым,
„Хоккейди“ қыймадым,
Кешиктим сабақтан,
Бос қалып аўқаттан,
Қарнымды қыйнадым!
Туўрысын айтың сиз,
Кимдики орынсыз?!

## Милиционер ағай

Апамның сөзине,
Өжетлик еттим,
Үйде отыр десе де,
Көшеге кеттим.

Ойынға берилип,
Ўақыт өтипти.
Әлле қашан қуяш,
Батып кетипти.

Адасқанымды шынтлап,
Сол мәҳәл билдим,
Үйим қаяқта, деп,
Жылап жибердим.

...Милиционер келди,
Бир гезде маған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Қәне жүр,—деди,
Мен ердим оған.

... Ойсызлық сол сапар,
Басыма „тийди“,
Милиционер ағай,
Көрсетти үйди.

## Болсам журтқа сүйкимли

Тил қайтарғым келмейди,
Жумсаса да қай адам,
„Гежирликти билмейди“,
Деп мақтайды ата-анам.

Мектепте де, дүзде де,
Жасы үлкенди сыйлайман,
Дослар да көп өзимде,
Урыспайман, ойнайман!

## Ашылыпты пахталар

Ҳүрметленип, халқымда,
„Ақ алтын“ деп аталар.
Аппақ қардай атызда
Ашылыпты пахталар.

Аңсат емес ойласаң,
Дийхан қанша ис етер.
„Ақ алтынды“ ҳәрқашан,
„Алтын қоллар дөретер!“

Ана-жерге тиллескен,
Бул—аталар мийнети,
Мийнет пенен беллескен,
Бул—ағалар зийнети!



www.ziyouz.com kutubxonasi



Арта берсин күн-күннен,
Қуўаты гүл елимниң.
Қосарман үлес, ержетсем,
Байлығына жеримниң.

## Ықлас

Қосылды бизге жаңадан,
Бир бала келген, қаладан.
Таныстырды „Ықлас“,—деп,
Оқыўшыларға сораған.

„Қаладан келген“ деп билдик.
Жатырқап солай көп жүрдик.
Өткеннен соң еки-үш ай,
Бара-бара үйрендик.

Зийрек екен, билинди,
Ардақлаған билимди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Пионер“ —газетасына
Сүўрети тез-тез илинди.

....Вожатый келди бир күни
(Айтсақ изи күлкили)
—Ықлас,—деди,—шөлкемге
Жәрдемиң керек үлгили?

Сонда турып жалма-жан,
Бизиң Ықлас орнынан:
—Ислеңлер,—деди,—менсиз-ақ,
Қәйтесиз қозғап орнымнан?!

Класс басшы бир сапар
—Қәне,—деди,—балалар?
Ҳәўескерлер топарын
Дүзсек деген ойым бар?

„Мақул“ дестик, ҳәммемиз,
Қызық көрмек дәмемиз,
Ықласқа хош жақпады,
Ҳайран қалдық буған биз?!

...Бәҳәр айы еди бул,
Екпек болдық бағқа гүл.
Қатнаспады Ықлас тек,
Классқом айтты: өзиң бил.

Өзимшил екен, билинди,
Кем-кемнен ҳәмме түңилди,
Сонша бала ишинен,
Дос тутпады ҳешкимди?

Үмитлер қалды ақланбай,
Ойландық сонда бул қалай?
Сабақтан билгир болса да,
Минези екен нақолай?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Карар еттик ақыры,
Енбегенсоң „ақылы“,
„Көп түкирсе көл болар,“ —
Барғой халық нақылы.

Сол сыяқлы, бирликте.
Шештик „тәмби“ бермекке.
...Жыйналыста қызартсақ,
Ойланар-аў әлбетте...

...Залдың иши „лық“ толды,
Сөйлеўшилер көп болды,
Жыйналыста Ықластың
Кылўалары гәп болды.

—Аласлансын арадан?
Деди, биреў сөз алған.
—Ақырғы сөгис берилсин?! —
Деп атыр биреў, аяған?

Деди биреў: ойланды!
Деди биреў: коймайды!
„Келептиң ушы“ соңында
Ықласқа келип байланды.

Ықлас шығып, ортаға,
(Бәлким шын, бәлким жортаға)
„Кешириң!“ —деўдиң орнына
Жиберди жылап, буўлыға!

... Билмек болсаң сол Ықлас,
Мениң менен класслас,
Өзимшиллик әдетин,
Айтып бердим мен бираз.

Бәлким енди ойланар,
Ойланар да, қыйланар,
Менмен, қырсық минезин
Етпес бәлким, тәкирар...



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ким болсам?

Әрманларым мениң шексиз,
Қайсы бири етер несип,
Врач, устаз, гезсем теңиз,
Ҳәммеси де мақул кәсип!

Летчик болып диң ҳаўада,
Самолетта ушсам деймен,
Сапар етип алысларға,
Мәнзиллерди қушсам деймен!

Устаз болсам баллар менен,
Бахыт гүлин тере билген,
Сыр шертисип томлар менен,
Келешекти көре билген!

Дийханшылық ата-кәрим,
Ойланаман, дийхан болсам,
Босқа кетпей маңлай терим,
Ўатанымнан алғыс алсам!

Берилемен ойларға көп,
Шофер болсам қалай болар?!
Бул кәсип те емес қой шеп,
Күтер сени айдын жоллар!

Шайыр болып шықсам егер,
Қосық, дәстан жазар едим,
Ҳәмме танып сәлем берер,
Қатарымнан озар едим?!

Я илимпаз болсам ба екен,
Ойлап табар жаңалықты,
Әрман, тилек шексиз екен,
Күсер бәрҳа „даналықты„



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қанат қақсам гүл өмирге,
Әрманларым алға баслар,
Қандай ой бар өзлеринде,
Айтың дослар, айтың дослар?

## Нызан—космонавт

... Журтөтирик демесин,
Минип космос „кемесин“,
Нызанның айтсақ хабарын,
Баслапты ол сапарын.

Жерди айланып ушыпты,
Жулдызларды „қушыпты“,
Бир гезде радиодан,
Қайтыўға буйрық ол алған.

... Күтпегенде сол мәҳәл,
Дусласты шатақ, ғалма-ғал?






www.ziyouz.com kutubxonasi

Өйткени айға баратыр,
Корабльде жас батыр.

Ислеп турып, тосыннан,
Шамасы „кеме“ бузылған,
...Айтсақ гәпти қысқаша,
Тапсырма еди басқаша.

Өтирик гәпке инанбаңлар,
Қорқақ деп ойлап қалмаңлар?!
Себеби, космодромда,
Болды ол талай сынаўда.

Дөгеректи серлейди,
Уялғаннан терлейди,
Кнопкада қурттай бир,
„Земля„ деген жазыў тур.

Қол менен әсте басады,
Баланың кеўли тасады,
Корабль бирден сол сәтте,
Зымырайды „жер“ бетке...

... Жоралары мектеплес,
Нызанға болып тилеклес,
Тур екен күтип ҳәммеси,
Нызандай болыў дәмеси.

Батырды қарсы алады,
„Урралар“қулақ жарады,
Дабырлы менен шаўқымнан,
Нызан шоршып, оянған,

Қараса Нызан, түси екен.
Түсинде көрген иси екен.
... Үй-иши түўел күлистик
„Космонавт“ болар дестик...



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ана-Ўатан қушағында

Бүлбил киби, сайраганым,
Қызыл гүлдей жайнаганым,
Дослар менен ойнаганым,
Ана—Ўатан қушағында.

Билим алып, нур қушқаным,
Дослықта шағлап йошқаным,
Қорықпай космоста ушқаным,
Ана—Ўатан қушағында.

Ана—мектеп алтын уя,
Онда оқыр талай Зоя,
Урысты көрмегей дүнья!
Ана—Ўатан қушағында.

Мийнет етсем бахтым асар,
Кремлим шуғла шашар,
Келешегим алға баслар,
Ана—Ўатан қушағында.

Дүнья кең, бирақ тар болып,
Бир туслем нанға зар болып,
Балалық сөйтип хор болып,
Жүргенлер бар Ўатанында.

Бизде болса, өмир басқа,
Бахыт күлген ҳәр бир жасқа,
Үзилмесин күлким ҳасла,
Ана—Ўатан қушағында.

Қулпы дөнген ҳәмме таман,
Ленин атам дүзген заман,
„Анам, қуяш болсын аман“,
Ана—Ўатан қушағында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Полат пенен Мурат

—Үкеңди ойнат, жылатпа?!—
Деп анасы Полатқа,
Айтқанында ҳәр сапар,
Полатта тайын жуўап бар:

„Мен үлкенмен, сонлықтан
Муратқа тиймес ҳеш адам!“
... Бирақ та усы Полаттың,
Минези еди өжет дым.

„Шаң жуқтырмас“—өзине,
Сай келмес иси сөзине,
Менменлиги жүдә мол.
Сондай бала еди ол;

Үкеси киши Муратты,
Талай рет жылатты,
Қолында көрсе конфета,
Тартып алар сол ўақта.

Хабардар еди анасы,
Оқыўшым, гәптиң ырасы,
... Бир күни түсте чай ишип,
Отырды семья жәмлесип.

Полат айтты сөз баслап;
—Тыңла апа, қулақ сап?
Үкелери басқаның
Еситтим былай айтқанын:

Бизиң Мурат дым жаман,
„Әжаға“ демес ол маған?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда ана күлимлеп,
Жуўап берди былай деп.

—Болса да киши, биледи.
Жақсыны жақсы көреди!
Ал сен үкеңди өзиң,
Урасаң, талай көрдим.

Сол ушын сени жек көрер.
Қалай, „әжағам!“—дер?!
... Мурат қалды уялып,
Бетинен кетти тер ағып...

## Бийик таўлар

Бийик таўлар, бийик таўлар,
Кабағын тур үйип таўлар,
Басыңызда „ақ шөгирме“
Турсыз бултты сүйип таўлар,
Бийик таўлар, бийик таўлар!

Бийик таўлар, бийик таўлар,
Сулыў көркиң көзди „жаўлар“,
Теңиңиз жоқ сақыйлықта,
Ырғалтасыз гүллер, бағлар,
Бийик таўлар, бийик таўлар!

Бийик таўлар, бийик таўлар,
Саған келсем кеўлим шағлар,
Нәў бәҳәрде қысқы қарың,
„Ҳабы ҳаят“ суў боп ҳағлар,
Бийик таўлар, бийик таўлар!

Бийик таўлар, бийик таўлар,
Сизди сүймес бар ма жанлар!
Қүдиретли ҳәм айбатлысыз,



www.ziyouz.com kutubxonasi



Тәрийпиң тиллерде жаңлар,
Бийик таўлар, бийик таўлар!

Бийик таўлар, бийик таўлар,
Қушағыңда жасар аңлар,
Сырлы, бәлент шоққыларың,
„Мунда кел!,“—деп маған ымлар,
Саў болғайсыз, бийик таўлар!

## Мектебим

Бир загара тығып қойынға,
Басымызды „сатып“ ойынға,
Жүрген, мениң сада ойыма,
Нур қуйғансаң ана—мектебим,

Ыссы, суўықларға төзимли,
Бир „байтерек“ деймен өзиңди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билим берип, аштың көзимди,
Кәдирлисең ана—мектебим.

Усап турсаң бир мәрт анаға,
Меҳир қойған сонша балаға!
Мени перзентликке санама,
Ядтан шықсаң бир күн мектебим.

Өзиң менен ойым өрлеген,
Қай „палапан“ сени көрмеген?!
Сенде „түлеп“ қанат сермеген,
Шәкиртиңмен ана—мектебим.

Қуяш десем оннан алықсаң,
„Алтын уя“ атын алыпсаң,
Жүрегиме орнап қалыпсаң,
Келешегим ана—мектебим!

## Гүз

Әжайып гүз, көркем гүз,
Көптен күттик сени биз,
Сениң менен абадан,
Қудиретли елимиз!

Көрдик барып жақында,
Бизиң совхоз бағында,
Ўылжып писken миййелер,
Әйне гүздиң ўағында.

Солқым-солқым жүзимлер,
„Кәне мени үзиң“,—дер,
Қызарып тур алмалар,
Сайлап-сайлап үзиңлер!

Деген гәп бар, „әлекке,
Зор береди пәлекке,„



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бакшамызда қаўын көп.
Қалмайсыз излеп ҳәлекке!

Ашылыпты „ақ алтын„
Теңи-тайы жоқ алтын,
Жыйнамаққа байлығын,
Атланыпты мәрт халқым!

Қуяш пенен нурланып,
Атызларда ырғалып,
„Сары алтын„ лар писипти,
Көриң дослар, бир барып!





www.ziyouz.com kutubxonasi



Бурынғыдан дым бөлек,
Өзгерипти дөгерек,
Сулыўлығы көз тартқан,
Гүздиң сәни бир бөлек!

Әжайып гүз, алтын гүз,
Көптен күттик сени биз,
Гүз қырманын үймекке,
Келиңиз дослар, келиңиз!

## Китаптың сөзи

Абайлап усла, ҳәй бала,
Күтпесең тозып қаламан,
Келеси оқыў жылында,
Үкеңе керек боламан!

Абайлап усла ҳәй бала,
Бетимди жыртып қор етпе.
Билимге куштар ҳәр бала,
Оларды маған зар етпе?!



www.ziyouz.com kutubxonasi



—Абайлап усла, ҳәй бала,
Орынсыз, жаслай солмайын.
Жыртылып, толып шыжбайға.
Тышқанға жемтик болмайын!

Шығыўым қыйын, баспадан,
Ҳәр жылы, уқшы, ҳәй бала!
Дос болмас маған ҳешқашан
Билмесе буны қай бала!

## Бәҳәрим

Бәҳәрим келди, бәҳәрим,
Жойып қыстың қәҳәрин,
Кел досларым, қыздырың,
Нәлше егиў мәҳәлин!

Теректиң таза ҳаўасы,
Өмирлердиң даўасы,
Шығайық екшембиликке,
Таўып қолдың саўасын!!

Бағ ел көрки, жарасық,
Бөленсин сәнге,жарасып,
Кишкенелер иси деп
Қуўансын журт, қарасып...



www.ziyouz.com kutubxonasi



Арасы ауыл-қаламның,
„Ақ алтынлы„ даламның,
Шайкатылған бағ болсын,
Миййнетинен адамның...

## Атамның айтқанлары

Атам айтты: жан балам,
Ақылымды ал, балам,
Зыян болмас нәсият,
Қулағыңды сал, балам.

Еки урысқа қатнастым,
Екеўи де болды аўыр,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қолға кирди қан менен,
Тәрийп етсем, бул дәўир!

Жас едим мен, ол гезде,
Сеннен сәл-пәл ғаўырақ,
Ашлық, суўық, урыстан.
Халық бүлинди, тәўир-ақ.

Таза дүзим Ленинлик
Бай-ийшанға „жин болды„
Айтсам ертек, ол ҳәзир,
Күнлер мүшкил күн болды.

Балам, өткен заманда,
Залымлардан қорландық,
Соны ойлап, советти,
Жан бердик, бирақ қорғадық!

„Ақлар„ қашты,биз жеңдик,
Гүл-гүл дөнди бул заман,
Ўатанның дузын, ақлаған
Өмириме балам, ырзаман!

Парахатшылық турмысты,
Жаңа дүзген ўақытта,
Гитлер деген бир нәлет,
Қол созды, тағы бахытқа!!

Тағы урыс басланды,
Қанлар аққан сел болып,
Жаўға қарсы атландық,
Биригип, пүткил ел болып.

„Советти жеңиў, қул етиў„
Олардың болды ураны.
Сөйтип бизге тасланды,
Жаўдың сансыз қуралы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көрмегейсең урысты,
Атаңның балам,ақылы,
Созылған урыс төрт жылға,
Қайырлы питти ақыры...

Нықпыртлап жаўдың ордасын,
Берлинге шекем барғанман.
Майданда әттең оң қолдан,
Айрылып балам, қалғанман.

Нәлетий урыс талайдың,
Басына салды көп ғулпет.
Мәртлерше берди өз жанын,
Саўашта, иним Қулымбет.

Қайсы бирин айтайын,
Жүректе шерим көп, балам.
Тынышлықты сүйсең шын,
Болмайсаң ҳешўақ шеп, балам!

Бизлер көрген ашлықты,
Умытпа тағы жан балам.
Ана-жерди ардақла,
Ол-ырысқы, нан, балам!

Ҳәзир де гейбир еллерде,
Езилген бар, езген бар,
Бир тислем нанға зар болып,
Көшелерди гезген бар.

Жасларсыз нағыз бахтыяр
Балалық боп па, бизлерде?!
Жайқалып өскен гүл көрсем,
Уқсатаман, сизлерге!

Ел мәпи турсын ойыңда,
Ҳәттеки отта күйе бил,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғамхоршы балам, өзиңе
Партияны, сүйе бил!

Нәсиятым ең соңғы
Ҳүрметлей бил, мийнетти,
Сонда ғана халқыңа,
Боларсаң, адам ҳүрметли!

...Ветеран атам саў болсын,
Сөзлери-ақыл көзи екен,
Көрген еки заманды,
„Шежирениң“ өзи екен.

## Үлес

Класымыз бойынша,
Киристик қоян сақлаўға.
Нәўбетлесип турамыз,
От-жем, суўын бақлаўға.

Жумсақ, мамық жүнлери,
Сулыў түске дөнеди,
Күте билсең, жәниўар,
Тез көбейип өнеди.

Қулақларын қайшылап,
Быйқылдасып бақырар,
Жуўырысып от-жемге,
Бирин-бири шақырар.

Шыдамай сәл селтеңге,
Қашып кетер деп жүрсек,
Асыранды қоянлар,
Адамға екен үйирсек.

„Териси, гөши пайда,—деп,
Муғаллим айтты,—қоянның“,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ядыма түсип усы гәп,
Бүгин ерте ояндым.

Себеби келди, гезегим,
Миннетим аўыр, билемен,
Усылай көптиң исине,
Үлес қосып келемен.

## Муғаллимим

Маман бийдей данасаң,
Хызметиң көп, санасаң,
Сен екинши анамсаң
Муғаллимим-устазым.

Ҳәр исте болып, төзимли,
Аштың өзиң, көзимди"
Мүмкин бе, сүймеў өзиңди
Муғаллимим -устазым.

Мудам мени ойладың,
Сеннен қанат байладым.
„Әлипбең"нен айландым,
Муғаллимим-устазым.

Көз алдымда елесиң,
Басқардың билим кемесин,
Ядымда ақыл-кеңесиң,
Муғаллимим-устазым.

Өмирге жол алыппан,
Баўыр басып қалыппан,
Өзиң менен алықпан,
Муғаллимим-устазым.

Тәжим етсем аз болар,
Дәстан жазсам саз болар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрген жериң жаз болар,
Муғаллимим-устазым.

Мийнетиңнен орасан,
Ағарған шашың қарасам,
Биз ушын жас боп қаласаң,
Бирақта, мәңги, устазым.

## Бир еринׁшек

*(Халық даналығынан)*

Бабалардың сөзлерине жүгинсек,
Бир елатта өмир сүрген еринׁшек.
Өзи болса сәл нәрсеге инанғыш,
Сада екен ҳәмде нағыз кеўилшек.

Сүймесе де терлеп мийнет ислеўди,
Тәўир көрген көп ишип, көп тислеўди,
Әрманы боп мийнет етпей күн көриў,
Қоймапты ҳеш жеңил талап излеўди.

... Дизге жетпей өмиринше шекпени,
Тары емес ушық болып еккени,
Ғайры елден сол аўылға келеди,
Сол күнде бир дийхан талап еткели...

Еринׁшек еситип оның хабарын,
Ҳә демей-ақ излестирип табады,
Ҳәм үйине әкеп сорайды оннан,
„Ол жақлардан бар,—деп қандай хабарың?

Өзине жетерлик ҳийле-сумлығы,
Бул бир дийхан екен басым қуўлығы,
Аңқаўлығын сезип бул еринׁшектиң,
Былайынша гәп баслайды буўлығып:



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Бизиң елме, оҳо, жатып ишесең,
Сақалыңа шекем батып ишесең,
Мийнет деген түсиңе де енбейди,
Ҳәтте жармаға май қатып ишесең?!

Жата-жата ийим әбден қанган соң,
Тегин кийим, тамақ ығыр қылган соң,
Шыдай алмай келдим жора бул жаққа,
Мийнетке үйренген сорлы болған соң.

... Еринщекке бул гәп мақул түседи,
Бир ақшамда сол елатқа көшеди,
Бирақ ҳасла усамайды күн көрис,
Сол дийханның айтқанына кешеги...

Зар болып бийшара ишер тамаққа,
Таң атпастан жуўырыпты талапқа,
Еринщеклик еткен күни залым бай,
Оны салып қояр екен қамаққа.

Тыным таппай ислеген соң күн узақ,
Еринщекке батты жүдә бул азап.
Ҳалы келмей жатып ишти тамағын,
Өз елинде еркин еди ол азлап...

Ырас екен сөзи анаў дийханның,
Өз елиме сыяр еди қыйқаңым,
Өмир сүриў қыйын екен мийнетсиз
Депти ҳәм ол: жалқаўлықты қойғаным!

Ҳәм еринщек қайтып келип елине,
Асылыпты ҳасылым деп, белине,
... Мийнет-бахыт, мийнет-түби рәҳәт
Ҳүрметли сөз мудам мениң елимде!



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Жумбақлар

Қатарласқан „ақ терек“,
Адамзатқа дым керек:
Онысыз астың дәми жоқ,
Сөйлеген сөзде мәни жоқ.

(*Тис*)

Шаңды көрсе „жутады“
Тикенегин тутады.

(*Кийим щеткасы*)

Шайнайды, бирақ жутпайды,
Шаршадым деп айтпайды.

(*Гөш майдалағыш*)

Төбесинде пәрнги,
„В“ дан басланар,
Атының бас ҳәриби.
Темирден жүреги,
Аспанда жүреди,
Гүриллдеген даўысы бар.
Қус емес, уша алар.
Буны кимлер шеше алар?!

(*Вертолет*)

Жылтырақ, қурттай зат,
Қағазда турады.
Жумсасаң ҳәп-замат
Тоғайды қырады.

(*Алмас ҳәм шаш*)



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Шешенликте“ тайы жоқ,
Айтар түрли хабарды.
Үй буйымы жаны жоқ,
Қәне кимлер табады?!
Тили оның „қулағы“.
Қулағын бурамасаң,
Сырын биле алмайсаң,
Дым үндемей турады.

(*Радио*)

## Еки бала

... Аўылымызда Әдил деген
Әжайып бир бала бар.
Сабақтан да билгир екен,
Мақтар оны адамлар!

Бостан-босқа ол көшеде,
Қаңғымас, дым әдепли.
Жәрдемлесер ҳәм үйине,
Ҳәрбир иске ол епли.

Жолда, дүзде ким дусласса,
Сәлем бермей өтпейди,
Еликлейди устазына,
Сөзин еки етпейди.

Спортта да шаққан сондай,
Футбол дәрўазаманы.
Болса деймиз Әдилбайдай,
Мектепте ҳәр баланы.

...Класымызда бир бала бар,
Аты оның Убайтқан.
Сабақ емес хоккей оның.
Бас „талабы“ унатқан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәниси жоқ оқыўының,
Гәптиң шынын айтаман,
Екиншиден быйыл да ол,
Оқып атыр қайтадан.

Таярламай тапсырманы,
Ойнағаны ойнаған.
Қолын силтер „уят“ десек,
Ҳайран болдық биз оған?!

Апасы бир ис буйырса,
Бәрҳа алдап, қашар ол.
Үйде қурттай үкесиниң,
Бетине күл шашар ол.

Соннан келип нағыз менмен,
Өзгелерге күледи.
Жек көреди ақыл берсең,
Тек өзин жөн биледи.

Кемшилигин жойса егер,
Мақтар едим, ырасым.
Ҳәммелерге жаяр едим,
Аты, фамилиясын!

## Улыма ўәсият

Баўыр етим қуўанышым,
Өмиримдеги гүлимсең.
Қайғылансам, жубанышым,
Ҳәм балам ҳәм инимсең?

Қарайсаң ба, мына өмир,
Өзгермекте жаңарып,
Турмысында улым, ҳешбир,
Көрмегейсең жаманлық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәрҳа ойлап, сен ҳаққында,
Уйқы келмес көзиме.
Жағымлы бол ел-халқыңа,
Бахыт күлсин өзиңе.

Мийримли бол, ата-анаңа
Қатарыңа қарап, өс.
Патриот бол, Ўатаныңа
Журт мәпине жарап өс!

## Алғыс

Аязлап қатты аўырдым,
Өткен жылдың гүзинде.
Көриўге келди врач-қыз,
Күлки ойнап жүзинде.

—Наўқасың қалай басланды?—
Сорап атыр мүлайым,
Ақ халатлы бул қыздың
Аты екен Гүлайым.

Күнде келип турды ол,
Хабар алып ҳалымнан.
Түрли дәри берди ол,
Укол салды қолымнан.

Анама усас меҳрибан,
Жайнап турған көзлери.
Дәрман берди жаныма,
Айтқан дәлкек сөзлери.

Шыпа таптым, жазылдым,
Жәрдеминен доктордың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қандай алғыс айтыўды,
Биле алмай көп турдым...

## Күшигим

„Ийт—адамның жолдасы“
Еситтим буны атамнан,
Күшигим бар, дым жақсы,
„Бөрибасар“ атанған.

Гейде, „күшим-күшим“ деп,
Алысқа алып кетемен.
Үлкейген соң күшигим,
Аңшылыққа ертемен.

Шабаланып үреди,
„Бөрибасар, ҳәс“,—десем,
Алдымнан шаўып шығады,
Мектебимнен мен келсем.

Қуўып салар мал келсе.
Үйимизге сақшы ол.
Сергек, пыр-пыр уйқыламас,
Пышығымнан жақсы ол...

## Пахтакеш қыз боламан

Мениң апам колхозшы,
Пахтазарда ислейди,
Өз кәсибин мудамы,
Ең қәдирли ис, дейди,



www.ziyouz.com kutubxonasi



Усап мен де апама.
Пахтакеш қыз боламан,
„Алтын“ берип Ўатанға,
Ел алғысын аламан!

## Сырғанақта

Шебердей-ақ бурыннан,
Аяққа коньки байладым,
Жуўырып келип жағадан,
Сырғанаўды ойладым.

Айтқаным бирақ болмады,
Аўнап түстим, жығылдым,
Аўырып дизем сызлады,
Үйрениў керек, уғындым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Қуўаныш

Ҳалласлап жас жүреги,
Иним келди мектептен.
Қуўаныўының себеби,
Пионерге ол өткен.

Қолын қыстым қутлықлап,
Болғанына пионер,
Дедим „оқы, ықлас сал,
Үйрен, излен, бил өнер!"

Иним менин пәкизе,
Азамат болып өседи,
Ержеткен соң елине,
Ҳадал хызмет етеди.

## Галстук

Есапла сен галстугиңди,
"Қызыл туўдың бир бөлеги", деп,
Үш әўладтың дослық белгиси
Сол ушын сүй, сақла, қәдирлеп!

## Әлипбе

Иши толы сүўрет пенен ҳәрипке,
Билимниң сағасы өзиң „Әлипбе",
Сениң менен дийдарласпай, сырласпай,
Инсан сирә өмир сырын билип пе?!

Мектепке биринши қәдемди урсам,
Сен жол силтеўшисең, дәслепки нурсаң,
Жолдасындай шийрин балалығымның,
Бәрҳә жүрегимниң төринде турсаң!



www.ziyouz.com kutubxonasi



## Тез ержетип

Бахыт тапқан мийнеттен,
Ағам —механизатор,
Адамлар, оны билген,
Дейди: „мийнеткеш, батыр!“

Тез ержетип, ағамдай,
Үлес қоссам өмирге,
Айдап „темир тулпарды“
Орден тақсам өңирге...



www.ziyouz.com kutubxonasi



# Дана бала тууралы ертек

(*Халық әпсанасы бойынша*)

I

Бул ўақыя болған екен бурында,
Еки ханлық—Рум менен Қырымда,
Мәртебели -қырым ханы бир күни
Былайынша хат жоллапты Румға:

—„Бизден сәлем Рум бийлеўшисине,
Алланың жердеги көлеңкесине,
Дослықтың белгиси—тартыўымыз бар,
Қабылласа, бизди алғаны есине!

Егер бурын жүрген болсақ қасласып,
Буннан былай кетсек деймен дoccласып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аты шыққан сиздей ҳүкимдар менен,
Мен қумарман сөйлеспекке дусласып!

Ҳәр ким өз алдына болмай атлан-шап,
Жорықларға дизе қосып атлансақ, ;
Жер қайысқан ләшкеринен еки елдиң,
Бизге қарсы келе алар қайсы шах?!"

Талай нарға ҳасыл затты артыпты,
Аўмасын деп айылын берик тартыпты,
Мине сөйтип хан, Румға жоллапты
Елши етип, тет ўәзийри Артықты...

## II

Өзин журттан бийик санап қалайда,
Хан отыр бүгин де алтын сарайда,
Кеше ғана қайтқан еди, қалаға
Шкарын тамамлап, саррас бир айда!

Бүгин бәзим қурыўда ол пинҳамы,
Қандай көркем мына гүздиң ақшамы,
Салқын шарап пенен ойыншы қызлар,
Қумарлыққа жетелейди патшаны!

Гүзги жапырақтай турған қалтылдап,
Хан қасында пәйик, бираз жалпылдақ,
Сарайдың есигин гүзетер сақшы,
Алмас қылыш қолларында жалтылдап!

... Бир мәҳәл бас ўәзир келип:—дат!„—деди,
Паңсыған хан: „не жаңалық, айт?!"—деди,
—Қоңсы журттан бизге елши келип тур
Саўғасына қоса мынаў хат,—деди.

Хатты қолға алмақлыққа еринип,
„Ҳасылзада" турып кетти керилип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ „ырғалыўда“ кәнизек қызлар,
Сырлы саздың ышқысына берилип...

III

Патшалықта ушыраспаған бурыннан,
Әжайып бир саўға келди Румнан,
Сыйға—сый дегендей буны ап келди,
Үш түйеге артып алты румлян.

Нарларға артылған ҳасыл заты жоқ,
Ҳәмиршисиниң сәлемнама хаты жоқ,
Тартыўы тек—ықшам, сулыў үш тулға,
Тулғаларда ҳеш нәрсениң аты жоқ.

Соғылыпты сүйек пенен дәнданнан,
Көркемликте таңланғандай жер-жәҳан.
Саўғаны қабыллап Қырым ханлығы
Бул не жумбақ, биле алмай болды ҳайран?!

Елши тәжим етип: баслапты сөзди:
—Уллы шаҳ жиберди елиңе бизди,
Алтын, гүмис, зерге мүтәж емессиз
Журт ийеси солай ойлайды сизди?!.

Сонлықтан сыйымыз мынаў үш тулға,
Ең қәдирли байлық сатылмас пулға,
Ҳүкимдар соқтырды, ойланып узақ,
Зинданда жатырған бир дана қулға.

Айырма жоқ, үшеўи де бирдей зат,
Бирақ сыры ҳәр-бириниң қат-қабат.
Болсадағы бир-бирине усаған,
Бири арзан, бири оның дым қымбат!

Бириниң баҳасы оның орташа,
—Дана болса тапсын, деди,—сол патша.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шешсе сырды билер достың қәдирин
Шеше алмаса, дослығы оның ўақытша.

Қырым қаны таңланды ҳәм ойланды,
Бул қандай сыр, таба алмай қыйналды,
Жарылқаўшысына жәрдем бермекке
Сарайға гил „ҳасылзада“жыйналды.

Адамның тулғасы—инсан мүсини,
Ҳәммесиниң бирдей сыртқы пишини,
Неде болса шебер уста жасапты,
Сулыўлығы сүйсинткендей кисини.

Жыйналғанның таба алмады ҳәммеси,
(Гейбириниң ханға жағыў дәмеси)
Сарайдағы гилең „ақ сүйеклердиң“
Кәпелимде „қайырлады кемеси“.

Басланғандай дәрьялардың тасыўы,
Келди бирден шахтың ғәзеп-ашыўы:
—Мәўлет үш күн, ашасызлар бул сырды
Таппасаңлар сөзсиз дарға асыўым!

Төртинши күн берерсиз бир хабарын,
Елшилерди қонақ үйге апарың!
—Бул бәлеге тап болдық биз қайдан—деп,
Қайғы басты бегзадалар топарын...

IV

—Қулақ салсын үлкен-киши, бала да!—
Деп жаршылар жар урып жүр қалада.
Әзелден-ақ жаңалыққа қумар жүрт,
Ербең етпей сирә қулақ қалар ма?!

—Тулғалардың сырын ашып бермекке,
Рухсат бар хан қасына кирмекке.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзи өлимдар, малы болар патшалық,
Бул жарлықты ким жорыса ермекке!

Әжайып сый күтер буны билгенди,
Бул ҳикметти шешип, зейни илгенди,
Пухара ма, ақ сүйек пе, бәри бир,
Ҳәким боп сорайды шәҳәр Гүргенди.

Дегендей-ақ „бас байрақты аламан".
Сарай ишин қаплап кетти талабан,
Қоррандозлар қорра таслап атырса,
Палкерлер жүр, дейип, „палға саламан!"

„Көзи ашық ўәлийлер де" баршылық,
Кең сарай да етти бүгин таршылық.
... Ертек соңын атар таңнан баслайық
Етпесең оқыўшым, егер қарсылық?!

... Кетти өтип, демде үш күн арадан,
Буйрығына ханның елге тараған,
Табылмады тулға сырын ашқандай,
Бул патшаның қол астынан сораған?!

Ериккен хан айбатланып бақырды,
Тағы сарай мәжилисин шақырды:
—Бәриңиз қум гелле, сизлерден ағла,
Ғайры елдиң бир қулының ақылы!

Кең далаға ертең дарды қураман,
Қәҳәримди көрсин бәрше аламан.
Бүгин болса пашшапларым арқалы,
Ҳәр бирине қырқ дүрреден ураман.

Биразлардың кетти „суўға салысы"
Биразлардың келди катты намысы.
„Өлемиз" деп биреўлери дирилдер,
Қымбатлы гой гейдедеги жан усы!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## V

Усы мәҳәл пайда болды бир бала,
Шаққанлықта қатарынан дурдана,
Аяғында шарық, жыртық бөриги,
Жупыны екен кийгени де дым ғана.

Шамасы оның он үшлерде жасы бар,
Адырақ көз, үлкен аўдық басы бар,
Кең маңлайы—даналығын аңлатса,
Қалың қаслар ойшыллығын жасырар.

Келди де ол, рухсат ет, шаҳ?—деди,
Бүгин бизге дарығанды бах,—деди,—
Келмес едим әдалатсыз бул жерге,
Әттең әкем қасымда жоқ, ўах!—деди.

Патша турды жүз қубартып, таңланып,
Исенбеслик келбетинен аңланып,
Бирақ бала айбынбастан өлимнен,
Сөзин қайта даўам етти жанланып.

—Адам емес ипластсызлар бәриңиз,
Халықтың қанын сорыў мақсет, кәриңиз!
Ел әптада, ел дийўана, саўатсыз,
Инанбасаң шаҳ аралап, көриңиз!

Зинданында диўгир болып жатырған,
Бурынғы жүз басың—әкем Батырхан,
Өсекшиниң сөзлерине инанып
Айрылдың шаҳ исенимли батырдан!

Мынаў алдындағы жумбақ тулғалар
Сөзимниң шынлығын тастыйқлар булар.
Сыйқырлы дүньяға баслайман сизди,
Илим-ҳикметке шын болсаңыз қумар!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## VI

Сөйтти де кеп, бир тулғаның қасына,
Шыбық тықты қулағына асыға,
Екинши қулақтан шыққанда шыбық
„Арзан тулға" деди, шертип басына!

—Бундайлар сыр айтсаң умытып кетер,
Бийқайғы өмири уйқыда өтер,
Ондай адамларға исеним болмас,
Дослыққа ҳәр қашан қыянат етер.

Тағы бирине тыққанда шыбықты,
Қулақтан кирип, аўзынан шығыпты,
Ақылсыз хан, бул баланың сөзинен,
Төмендеги даналықты уғыпты:

—Мынаў тулға, ең арзаны тулғаның,
Оған исенгениң сениң қурыганың,
Бар сырынды душпанына паш етер,
Көрмейсең аўзының босқа турғанын!

Айта аламан, шаҳым сизге, қысынбай,
Бираз ҳәмелдарың сениң усындай,
Айыра алмасаң досты, душпанды,
Ғайып боларсаң тез, гүздиң қусындай.

Үшинши тулғаға тығылған шыбық,
Қулақтың ишинде қалды ол турып.
—Мынаў мүсин, ең қымбаты, ҳасылы,
Деди бала шаҳ тәрепке бет бурып.-

Беккем сақлар ондай адам дос сырын,
Дослық деп жан берген бабалар бурын.
Дослық, бирлик жеткереди жеңиске
Дослық инам етер бахыттың нурын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үшинши тулғаны халық десе болар,
Дослық,ҳадаллықты үйретер солар,
Халық—дөретиўши, байлық ғэзийне,
Таўды талқан етер бириксе олар,

Ҳәдден зыят зор берместен салыққа,
Исенбеклик керек патша халыққа,
Бул саўғасы менен рум ханлығы,
Сени усатқан қырда қалған балыққа!

Хор болмайсаң халық пенен дослассаң,
Жаўың да бас ийер сонда қасласқан,
Ишпеге, киймеге мүтәж болсам да,
Алдыңа бас ийип келмеспен ҳаслан!

Ҳәкимлик те, Гүргениң де өзиңе,
Өтинишим—әкемди қос өзиме.
Тулғалардың сыры болса усындай,
Исен, я исенбе, ерик өзиңде!

VII

Дана бала шығып кетти шашылып,
Көпшиликтиң қалды аўзы ашылып,
Патша болса пашшапларын шақырды,
Батырханды босатпаққа асығып...

Жипек мәңги жипек, болмас ҳасла бөз,
Тапқырлығын сол баланың көрди көз,
Мине соннан берли қалды, халықта,
„Ақыл жастан шығар",—деген нақыл сөз.

Шын...ғя қыял, мәлим емес булманы,
Себеп ертек, халық үмити,әрманы
Даналығын сол баланың жаздым тек
Болғаннан соң жүрегимниң пәрманы...



www.ziyouz.com kutubxonasi

# МАЗМУНЫ

Шырпы телефон . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Жайлаўда . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5
Тай-тай бөке . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5
Жаз келгенде . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 6
„Кишкенелер иси" деп . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 8
Қызғанып жүрип пе . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 8
„Бармайман",—деп,—ол жаққа . . . . . . . . . . . . 9
Хош келдиң, бәҳәр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 9
„Бәрҳама таярмыз" . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 10
„Шебер қоллар" . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 10
Назар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 11
Гейбиреў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 11
Усынысым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 12
Қыңырлық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 12
Мен бир сөзли боламан . . . . . . . . . . . . . . . . . 13
Апама кесент қылмайман . . . . . . . . . . . . . . . . 13
Аяз бенен Нияз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 13
Аңғалақ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 14
Ол ким? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 14
Сазенде . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 15
Вожатый . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 16
Палўан екен . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 17
„Дослық мүйешинде" . . . . . . . . . . . . . . . . . . 17
Инимниң саўғалары . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Партаның өкпеси . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Кимдики орынсыз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Милиционер ағай . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Болсам журтқа сүйкимли . . . . . . . . . . . . . . . 20
Ашылыпты пахталар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 20
Ықлас . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 21
Ким болсам . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 24
Нызан космонавт . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 25
Ана—Ўатан қушағында . . . . . . . . . . . . . . . . . 27
Полат пенен Мурат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 28
Бийик таўлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
Мектебим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 30
Гүз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 31
Китаптың сөзи . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Бәҳәрим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34
Атамның айтқанлары . . . . . . . . . . . . . . . . . . 35
Үлес . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38



www.ziyouz.com kutubxonasi

Муғаллим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 39
Бир еринщек . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Жумбақлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 42
Еки бала . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 43
Улыма ўәсият . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 44
Алғыс . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45
Күшигим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 46
Пахтакеш қыз боламан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 46
Сырғанақта . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Қуўанышым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
Галстук . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
Әлипбе . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
Тез ер жетип . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 49
Дана бала туўралы ертек . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 50



www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**Кенесбай Айманов**

**МУДРЫЙ МАЛЬЧИК**

*Стихи и сказка.*

*Издательство „Каракалпакстан"*

*Нукус—1981*

Редакторы *Ш. Сейитов*
Художник *К. Нэжимов*
Худ. редакторы *И. Кыдыров*
Тех. редакторы *З. Алламуратов*
Корректоры *Д. Асқарова*

ИБ № 1010

---

Териўге берилген ўақты 10/XII-1980-жыл. Басыўға рухсат етилген ўақты 23/IV-1981-жыл. Қағаз форматы 60X84$^1/_{16}$. Көлеми 3,75баспа табақ 3,35 есап баспа табақ. РК 30612. Тиражы 5000. Баҳасы 20 т.

„Қарақалпақстан" баспасы. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9

---

ККАССР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң „Правда„ ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. Заказ 38

www.ziyouz.com kutubxonasi